

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, analisis toponimi tempat di Kacamatan Tegalwaru Kabupaten Karawang pikeun bahan pangajaran maca sajarah lokal di SMAN 1 Pangkalan téh aya sababaraha kacindekan, nya éta dipedar di handap ieu.

- 1) Tina salapan désa kacatet aya 80 kampung nu aya di Kacamatan Tegalwaru. Tina 80 kampung éta téh kapanggih 54 carita rayat, toponimi 26 kampung séjénna ngan saukur nyoko kana talajak alam nu nyampak dina éta tempat.
- 2) Asal-usul ngaran tempat di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang umumna dikasangukungan ku carita rayat nu sumebar di masarakat. Carita rayat éta raket patalina jeung lalakon ngajanggélékna éta tempat.
- 3) Tina 54 carita rayat nu di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang, kapanggih 30 carita rayat nu ngandung sajarah. Dumasar jamanna, sajarah nu kapanggih ti jaman karajaan aya opat carita, jaman panjajahan Walanda aya salapan belas carita, jaman panjajahan Jepang aya lima carita, jaman Agrési Militér Walanda aya dua carita, jaman *pemberontakan* DI/TII aya dalapan carita, sarta jaman *pasca* Orde Baru aya hiji carita. Ku kituna, tina jaman-jaman nu dijelaskeun tadi, umumna sajarah nu aya di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang patali jeung panjajahan Walanda.
- 4) Hasil tina panalungtikan ieu luyu dijadikan alternatif bahan pangajaran dina maca sajarah lokal, nu asup kana KD maca dongéng di SMAN 1 Pangkalan, saluyu jeung kurikulum 2013.

5.2 Saran

Sabada diayakeun panalungtikan, aya sawatara saran nu ditujukeun ka masarakat, nonoman, instansi pamaréntahan, guru, jeung siswa.

1) Masarakat

Saran pikeun masarakat, tong nepi ka ngaleungitkeun atawa mopohokeun sajarah nu aya di sabudeureunana, sabab lamun nu apal kana sajarah di hiji tempat tilar dunya, éta sajarah bakal leungit bareng jeung dikuburna manusa nu apal kana sajarah.

2) Nonoman

Saran pikeun sakumna nonoman nu aya di Kacamatan Tegalwaru, kudu boga rasa nyaah jeung reueus kana sajarah tempat nu aya di sabudeureunana. Sabab nonoman teu ngajaga éta sajarah bisa ngabalukarkeun sajarah téh leungit jeung pareumeun obor.

3) Instansi Pamaréntahan

Saran pikeun pamaréntah désa jeung kacamatan, kudu bisa ngajaga sajarah di daérahna séwang-séwangan, tong nepi ka *pembangunan daerah* jadi alesan pamaréntah ngaleungitkeun sajarah, boh caritana, boh bukti sajarahna. Salian ti éta, ka sakabéh instansi pamaréntahan, kudu boga data-data administrasi nu lengkep jeung jelas dumasar ruang lingkupna séwang-séwangan.

4) Guru

Saran pikeun guru nya éta kudu apal kana sajarah lokal nu aya di sabudeureunana pikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di tempat ngajarna.

5) Siswa

Saran pikeun siswa nya éta kudu mikanyaho kana sajarah panganjrekanana sangkan teu pareumeun obor.